# ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНДЕ КОМПОНЕНТЛЕРИ БАҒЫНЫҢҚЫ БАЙЛАНЫСТАҒЫ ҚОСПА АТЛЫҚЛАР. ҚУРАМА АТЛЫҚЛАР

**Опаева Райгул Аймановна**
*филология илимлери бойынша философия докторы (PhD), Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Қарақалпақ тили кафедрасы үлкен оқытыўшысы*

Ҳәр қандай тилдеги қурама атлықлар қоспа сөзлердиң үлкен бир бөлегин қурайды. Қурама сөзлердиң компонентлери бурыннан дизбеклесип, турақлылық қәсийетке ийе болады. Олар қандай да бир қоспалы ямаса жаңа мәнили түсиникти аңлатыў ушын пайда болады. Қурама атлықларға еки ямаса оннан да артық сөзлерден қуралып, бир-бири менен қандай да бир мәнилик қатнасқа түскен, бир пүтин түсиникти, бирликти аңлататуғын сөзлер жатады.

Тюркологиялық мийнетлерде қурама сөзлер әдеўир изертленилди, бирақ олардың тәбияты, қурамы, түрлери, ҳәттеки атамасы да ҳәр қыйлы түсиндирилип киятыр. Мәселен, көпшилик изертлеўшилер *составлы сөз* терминин қолланса, гейпара илимпазлар оларды *лексикаласқан турақлы сөз дизбеклери* деп атайды, ал А.Қыдырбаев бул типтеги сөзлерди *дизбекли қоспа атлықлар* деп қарайды.[1]

А.Қыдырбаев қарақалпақ тилиндеги қоспа атлықларды үшке бөлди.[2]

1) Синтаксислик усыл менен бириккен қоспа атлықлар. Бул топарға ол бириккен сөзлерди, оларға қоса темир жол, изафетлик байланыстағы *таў бүркити, Арал теңизи, рус халқы, халық суды, хожалық суды* усаған дизбеклерди де киргизген.

2) Лексикалық усыл менен жасалған атлықларға жуп ҳәм тәкирар сөзлер киргизилген.

3) Дизбекли қоспа атлықлар топарына « бир неше сөзден бириккен мәмлекет ҳәм партия органларының мәкеме ҳәм шөлкемлердиң атлары» киреди деп көрсетилген: *Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси* ҳәм т.б. Автордың бул пикирлерине әлбетте қосылыўға болады, себеби олар бир неше сөзлердиң дизбегинен турған менен бир уғымды, бир түсиникти аңлатады.

Солай етип, көрсетилген мийнетлерде қурама сөзлер биринshиден, ҳәр қыйлы терминлер менен аталған, екиншиден, олардың қурамына бириккен сөзлер, сондай-

---

[1] *Қыдырбаев А.* Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги атлық сөзлер. Нөкис., 1961, 58-бет.
[2] *Қыдырбаев А.* Көрсетилген мийнети, 58-59-бетлер.

ақ еркин ҳәм турақлы сөз дизбеклери де киргизилген. Бул жағдай қурама сөзлерди анықлаўды бир қанша қыйынластырады.

Бизиң пикиримизше, қурама сөзлер өзлериниң сыртқы дүзилиси жағынан бириккен, жуп ҳәм тәкирар сөзлерден аңсат ажыралады да, бирақ еркин ҳәм турақлы сөз дизбеклерине бир қанша жақын турады. Сонлықтан да қурама сөзлерди толық түсиниў ушын дәслеп олардың синтаксислик ҳәм фразеологиялық сөз дизбеклеринен тийкарғы өзгешеликлерин анықлаў керек.

Қоспа сөз бенен сөз дизбегин айырыў- қоспа сөз тәбиятын ашып көрсетиўдеги ең тийкарғы мәселелердиң бири. Қоспа сөзлерге яки сөз дизбегине бағышланған монографиялық изертлеўлерде бул мәселеге үлкен дыққат қаратылған.[3] Оларды парықлаў, әсиресе, түркий тиллер ушын, соның ишинде, қарақалпақ тили ушын теориялық ҳәм әмелий әҳмийетке ийе, себеби қоспа сөзлерге арналған айырым әдебиятларда бул еки түрли тил бирликлери шатастырылып келмекте. Базыбир илимпазлар қоспа сөзди сөз дизбегинен айырыўшы тийкарғы белги сыпатында оның аўыспалы мәниде қолланылыўын көрсетеди.

Бизиң пикиримизше, тек қоспа сөз тәбиятының анық емеслиги емес, ал сөз дизбеги түрли түсиниклер де себеп болыўы мүмкин. Ф.Ф.Фортунатов, В.В.Виноградов, А.И.Смирницкий, О.С.Ахманова сыяқлы алымлар сөз дизбегиниң ғәрезсиз мәнили сөзлерден дүзилиўи, оның компонентлери арасында байланыс болатуғынлығын айтады.[4]

Айырым тилши илимпазлар сөз дизбегин жүдә кең мәниде түсинеди. Мәселен, В.М.Жирмунский ғәрезсиз ҳәм көмекши сөзлерден дүзилген дизбеклерди сөз дизбеги деп атайды[5]. А.И.Моисеев ҳәр қандай сөзлердиң биригиўинен сөз дизбеги пайда болады, ---деп көрсетеди.[6] М.К.Шарипов ҳәзирги лингвистикалық әдебиятларда *сөз дизбеги* терминин ҳәр түрли мәнилерде қолланылып жүргенлигин айтыў менен бирге, сөз дизбегиниң өзине тән бир қанша белгилери бар екенлигин көрсетип береди. Оның пикиринше, сөз дизбеги еки ҳәм оннан артық лексикалық

---

[3] *Ахманова С.С.* О разграничениях слова и словосочетания. М., 1954.
[4] *Фортунатов.Ф.Ф.* Избранные труды. Т. М., 1956, 100-183-бет; *Виноградов В.В.* Вопросы изучения словосочетаний. Вопросы языкознания», 1954, № 3, 4-бет; *Смирницкий А.И.*К вопросу о слове ( Проблема отдельности слова ). Вопросы теории и истории языка…М., 1952, 197-203 бет; *Ахманова О.С.* Словарь лингвистических терминов. М., 1966, 426-бет.
[5] *Жирмунский В.М.* О границах слова. «Вопросы языкознания», 1961, № 3, 15-бет; Об аналитических конструкциях. Аналитические конструкции в языках различных типов. М-Л., 1965, 10-бет.
[6] *Моисеев А.И.* К типологии словосочетаний в русском языке. II: Программа и тезисы докладов к Ix Научно- методической конференции , 1967, 36-бет.

мәниге ийе болған өз-ара синтаксислик байланысынан пайда болады[7]. Бизиң пикиримизше де, сөз дизбеги тап сондай қәсийетке ийе.

Жуўмақластырып айтатуғын болсақ, қурама сөзлердиң туўры аталыўы сондай-ақ, сөз дизбеги менен қоспа сөзди айырып алыў мәселелери бойынша бир қанша илимпазлардың пикирлери шолып үйренилди.

**Әдебиятлар:**


1. Қыдырбаев А. Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги атлық сөзлер. - Нөкис., 1961.
2. Ахманова С.С. О разграничениях слова и словосочетания. - М., 1954.
3. Ф.Ф. Избранные труды. Т. М., 1956.
4. Виноградов В.В. Вопросы изучения словосочетаний. Вопросы языкознания», 1954.
5. Ахманова О.С. Словарь лингвистических терминов. - М., 1966.


[7] *Шарипов М.* Ҳозирги ўзбек тилида сўз бирикмалари синтаксиси масаласи, 12-бет.